# KORRUPCIYAǴA QARSÍ GÚRESIW - MÁMLEKET SIYASATÍNÍŃ TIYKARǴÍ BAǴDARÍ

**Amanova N.**
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı, Milliy ideya, ruwxıylıq tiykarları hám huqıq tálimi bakalavr tálim baǵdarı 2-kurs talabası*

**DOI: https://doi.org/10.5281/zenodo.15643760**

Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 54-stat`yasında “Insannıń huqıq hám erkinliklerin támiynlew mámlekettiń joqarı maqseti bolıp tabıladı.

Mámleket insan hám de puqaranıń Konstituciya hám nızamlarda bekkemlengen huqıqları hám erkinliklerin támiynleydi” dep kórsetip ótilgen.

Insan huqıq hám erkinliklerin támiynlew, huqıqıy tiykar jaratıwda, korrupciyanıń aldın alıwda keyingi jıllar dawamında mámleketimizde bir qansha ilajlar ámelge asırılmaqta.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti Shavkat Mirziyoev 2025-jıl 5-mart kúni Korrupciyaǵa qarsı gúresiw milliy keńesi jıynalısında qatnastı. Jıynalısta jurtımızda korrupciyadan jıraq ortalıq jaratıw boyınsha islengen jumıslarǵa baha berilip, kelesi wazıypalar belgilendi.

Korrupciyanıń aldın alıw – mámleket xızmetine profesional hám pidayı kadrlardı tańlaw hám de olardı “hadallıq vakcinası” menen emlewden baslanadı. Usı sebepli jumısqa alıwdaǵı tártip hám jantasıwlardı turaqlastırıw boyınsha tapsırmalar berildi.

“Hámmemiz birden-bir kúsh bolıp háreket etsek, álbette, úlken jaqsı nátiyjege erisemiz. Usı sebepli máhálle aktivleri, nuranıylar, zıyalılar, jazıwshı hám shayırlar, sanaat hám mádeniyat xızmetkerleri, isbilermenler, ataqlı shaxslar, basshılar, deputat hám senatorlar – ulıwma pútin jámáátshilik birlesip, korrupciyaǵa “jámiyet denesindegi saratan” sıpatında qarawı kerek, - dedi Shavkat Mirziyoev.

Jıynalısta mámleketimiz basshısı 55 anıq maqsetke baǵdarlanǵan usınıslardı alǵa súrdi.

Olar shegarasında 5 nızam, 12 párman hám qararlar islep shıǵıladı. Korrupciyaǵa qarsı gúresiwde parlament, Milliy hám aymaqlıq keńesler, puqaralıq jámiyeti institutlarınıń roli asırılıwı atap ótildi.

Korrupciyanıń tiykarına 3 sebebi bar, olar tómendegiler:

1. Ekonomikalıq – mámleket xızmetkeleriniń tómen aylıǵı, olardıń isbilermen hám puqaralar iskerligine tásir kórsetiwde joqarı wákilligi.

2. Institutcional – mámleket basqarmaları ishindegi jabıqlıq, esabatlar sistemasındağı qosıp jazıwlar, nızamshılıq sistemasındağı ashıq-aydınlıqtıń joqlığı, mámlekettiń kúshsiz kadrlar siyasatı.

3. Sociallıq-mádeniy - jámiyettiń intizamsızlığı, puqaralardıń tártipsizligi hám xabarğa iye emesligi, jámáátshilik passivligi.

Korrupciyağa qarsı gúresiw barasında 2017-jıl 3-yanvarda Ózbekstan Respublikasınıń "Korrupciyağa qarsı gúresiw haqqında"ğı nızamı qabıl etildi. Nızam 6 bap, 34 statyadan ibarat. Onda Ózbekstan Respublikasında korrupciyağa qarsı gúresiw siyasatınıń tiykarğı bağdarları belgilep berilgen hám "korrupciya", "korrupciyağa tiyisli huqıqbuzarlıq", "mápler toqnasıwı" sıyaqlı tiykarğı túsinikler, korrupciyağa qarsı gúrestiń tiykarğı principleri bul boyınsha mámleket siyasatı, korrupciyağa qarsı gúresiw boyınsha basqarmalar aralıq komissiyalar hám mámlekettiń wákillikli organları, mámleketlik emes, kommerciyalıq emes shólkemleri, ğalaba xabar quralları qatnasıwı, xalıqtıń korrupciyağa qarsı gúresiw tarawındağı huqıqıy sana hám huqıqıy mádeniyatın jetilistiriw hám tağı basqalar kórsetip ótilgen.

Korrupciya – shaxstıń óz lawazım yaki xızmet dárejesinen jeke máplerin yamasa ózge shaxslardıń máplerin gózlep materiallıq yaki materiallıq emes payda alıw maqsetinde nızamğa qarsı ráwishte paydalanıwı, tap sonday bunday paydanı nızamğa qarsı ráwishte usınıw.

Korrupciyağa qarsı gúresiwdiń tiykarğı principleri tómendegilerden ibarat:

- nızamshılıq,
- puqaralardıń huqıqları, erkinlikleri hám nızamlı máprofile ústiniligi,
- ashıqlıq hám anıq-aydınlıq,
- sistemalılıq,
- mámleket hám puqaralıq jámiyetiniń birge islesiwi,
- korrupciyanıń aldın alıwğa tiyisli shara-ilajlar ústinligi,
- juwapkerliktiń tiyisliligi.

Korrupciyağa qarsı gúresiw tarawındağı mámleket siyasatınıń tiykarğı bağdarları tómendegilerden ibarat:

- xalıqtıń huqıqıy sana hám huqıqıy mádeniyatın jetilistiriw, jámiyetti korrupciyağa qarata ayawsız qatnastı qáliplestiriw,

- mámleket hám jámiyet turmısınıń barlıq tarawlarında korrupciyanıń aldın alıwğa tiyisli shara-ilajlardı ámelge asırıw,

- korrupciyağa tiyisli huqıqbuzarlıqlardı óz waqtında anıqlaw, olarğa shek qoyıw, olardıń aqıbetlerin, olarğa imkan beriwshi sebepler hám shárt-sharayatlardı

sheshiw, korrupciyaǵa tiyisli huqıqbuzarlıqlardı islegenlik ushın juwapkerliktiń tiyisliligi principin támiynlew.

Ózbekstan Respublikasınıń “Korrupciyaǵa qarsı gúresiw haqqında”ǵı nızamınıń 21-statyasına muwapıq mámleket organlarınıń xızmetkerleri lawazım yaki xızmet minnetlemelerin orınlaw waqtında mápler toqnasıwına alıp keletuǵın yaki alıp keliwi múmkin bolǵan jeke mápdarlıǵı jol qoyılmawı kerekligi kórsetip ótilgen.

2024-jıl 5-iyuńda Ózbekstan Respublikasınıń “Mápler soqlıǵısıwı haqqında”ǵı nızamı qabıl etildi.

Mápler soqlıǵısıw – shaxstıń jeke mápdarlıǵı onıń óz lawazım yaki xızmet minnetlemelerin lazım dárejede orınlawǵa tásir kórsetip atırǵan yamasa tásir kórsetiwi múmkin bolǵan hám de jeke mápdarlıq penen puqaralardıń, shólkemlerdiń, jámiyettiń yaki mámlekettiń huqıqları, nızamlı mápleri ortasındaǵı qarama-qarsılıq júzege kelip atırǵan yaki júzege keliwi múmkin bolǵan jaǵday.

2024-jıl 6-dekabrde kúshke kirgen “Mápler soqlıǵısıwı haqqında”ǵı nızam jámiyet hám mámleket ushın úlken áhmiyetke iyep bolıp, onıń qabıl etiliwi ashıqlıq hám anıq-aydınlıqtı támiyinlew, sonday-aq, korrupciya sıyaqlı, keri jaǵdaylardı sheshiwde sezilerli orın iyeleydi.

Bul nızam mápler soqlıǵısıwın tártipke salıw, oǵan tiyisli qatnasıqlardı anıqlaw, mápler soqlıǵısıwı haqqında xabardı áshkara etiw hám onı sheshiw boyınsha shara-ilajlardı belgileydi. Sonday-aq, nızam mámleket shólkemlerindegi xızmetkerlerdiń huqıq hám minnetlemelerin anıq tártipke saladı.

Bul dáslep hár qanday tarawdaǵı rawajlanıw illeti bolǵan korrupciya jaǵdaylarınıń aldın aladı, yaǵnıy shaxstıń óz lawazım yaki xızmet dárejesin jeke mápleri maqsetinde nızamǵa qarsı ráwishte paydalanıwı jolındaǵı is-háreketleriniń bir bólegin sheshedi, mámleket byudjetiniń (xalıq qarjısı) nızamsız ózlestiriliwiniń aldın aladı, mámleket shólkemlerinde miynet qatnasıqları hám mámleket satıp alıwlarınıń ashıqlıǵı hám anıq-aydınlıǵı támiyinlenedi.

Ózbekstan Respublikası Jınayat kodeksiniń 210-statyası Para alıw, 211-statyası Para beriw, 212-statyası Para alıw beriwde dáldalshılıq etiw dep ataladı.

Bul statyalarda jazalar barlıǵına birdey belgilengen. Yaǵnıy, birinshi punkti boyınsha bazalıq esaplaw muǵdarınıń eliw barabarınan júz barabarına shekem muǵdarda járiyma yaki eki jıldan bes jılǵa shekem azatlıqtı sheklew yamasa bes jılǵa shekem azatlıqtan ayırıw, ekinshi punkti boyınsha para muǵdarı kóp muǵdarda bolsa bes jıldan on jılǵa shekem azatlıqtan ayırıw, úshinshi punkti boyınsha para muǵdarı júdá kóp muǵdarda bolsa on jıldan on bes jılǵa shekem azatlıqtan ayırıw jazası menen jazalanıwı kórsetip ótilgen.

Bunda kóp muǵdar degenimiz bazalıq esaplaw muǵdarınıń úsh júz barabarınan bes júz barabarına shekem, júdá kóp muǵdar degenimiz bazalıq esaplaw muǵdarınıń bes júz barabarı hám onnan joqarı bolǵan para muǵdarları túsiniledi.

Ulıwma alǵanda, mámleket organları hám basqa shólkemler korrupciyaǵa qarsı gúresiw maqsetinde xalıqtıń huqıqıy sanası hám huqıqıy mádeniyatın jetilistiriw, jámiyette korrupciyaǵa qarsı ayawsız qatnastı qáliplestiriw boyınsha zárúr shara-ilajlar kóriwi, sonıń ishinde korrupciyaǵa qarsı gúresiw máselelerine tiyisli túsindiriw jumısların ámelge asırıwı, huqıqıy tárbiya hám tálimdi, ilimiy-ámeliy ilajlardı shólkemlestiriwi, oqıw-metodikalıq hám ilimiy ádebiyatlardı islep shıǵıwı tiyis.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar dizimi**

1. Ózbekiston Respublikasi Konstitutsiyasi. T. Ózbekiston, 2024 y.
2. Ózbekiston Respublikasi Jinoyat kodeksi. T., Adolat, 2023 y.
3. Ózbekiston Respublikasi «Korruptsiyaga qarshi kurashish tógrisida"gi Qonuni. 2017 yil 3-yanvar.